



Demann Reklamasyon ak Enstriksyon yo

Fason pou fè demann konpansasyon

Kiyès ki kapab mande yon konpansasyon?

Moun ki viktim zak kriminèl, kèk paran, moun ki sou responsabilite, responsab legal ak Bon Samariten ki kalifye kapab fè demann nan Biwo Sèvis pou Viktim yo (Office of Victim Services, OVS) pou jwenn yon konpansasyon pou depans pèsònèl asirans oswa lòt resous yo pa garanti.

Pou ki kalite depans mwen kapab jwenn konpansasyon?

OVS ofri konpansasyon ki gen rapò ak blesi pèsònèl, lanmò ak byen pèsònèl esansyèl ki pèdi.

Nan depans byen presi OVS kapab garanti yo gen frè medikal ak konsèy, byen pèsònèl esansyèl ki pèdi, netwayaj kote krim te fèt ak lòt pèt ki se rezilta dirèk krim nan.

Kijan pou mwen mande yon konpansasyon?

Voye aplikasyon OVS ou a ki ranpli ban nou ansanm ak kopi dokiman OVS kapab mande pou rive konnen si ou kalifye pou konpansasyon an.

E si mwen pa gen kèk nan dokiman OVS bezwen yo?

Voye demann ou an san pèdi tan. Ou kapab voye lòt dokiman yo pita.

E si byen mwen an pèdi, andomaje oswa detwi akòz krim nan?

Si ou poko gen 18 lane, 60 lane oswa plis, si ou gen andikap oswa ou te blese, ou kapab fè demann avantaj pou ranplase byen pèsònèl esansyèl ou yo oswa pou jwenn lajan kach okenn lòt resous pa garanti.

Esansyèl vle di sa ki nesèsè pou sante, sekirite, oswa byennèt ou. Ladan li gen, men san se pa sa sèlman, atik tankou linèt asirans lan pa garanti, kabann ak rad.

E si mwen demenaje?

Voye yon lèt ki siyen pou OVS nan kourye lapòs oswa imèl san pèdi tan. Di nou nouvo adrès ou ak nimewo telefòn ou. Epitou, fè nou konnen si adrès imèl ou chanje.

Ki moun ki kapab siyen reklamasyon an?

An jeneral, se viktim nan ki dwe siyen reklamasyon an. Men, si viktim nan poko gen 18 lane, oswa fizikman oswa mantalman li pa kapab siyen, lè sa a, responsab legal li a (moun ki ap resevwa avantaj yo) dwe ranpli seksyon 2 reklamasyon an epi siyen reklamasyon an.

Si viktim nan mouri, moun ki mande avantaj yo dwe ranpli seksyon 2 fòm reklamasyon sa a epi siyen reklamasyon.

Èske gen lòt fason pou aplike?

Wi. Ale sou ovs.ny.gov pou w gen aksè ak Pòtay Sèvis pou Viktim nan (Victim Service Portal, VSP), epi ranpli yon demann anliy. Ou ap bezwen kreye yon kont my.ny.gov pou gen aksè ak pòtay la. Pou jwenn èd pou soumèt yon reklamasyon anliy, tanpri kontakte OVS nan 800-247-8035 oswa voye imèl bay OVInfo@ovs.ny.gov.

Èske m dwe ranpli yon fòm HIPAA?

Petèt. Fòm sa ede nou pwoteje enfòmasyon sou sante ou ki prive. Si ou fè reklamasyon pou depans medikal oswa konsèy, ou dwe ranpli yon fòm HIPAA pou chak founisè sèvis. Ou kapab fè fotokopi yon fòm ki pa ranpli pou fè plis kopi.

Kisa yon dedomajman ye?

Dedomajman se lajan moun ki fè krim nan peye yon viktim pou sa li pèdi oswa blesi li genyen akòz krim ki fèt la. Se Tribinal la ki dwe òdone sa nan moman santans lan, epi yo konsidere li tankou yon pati nan santans lan. Dedomajman se PA pèman pou sa moun ap pèdi, angwas mantal oswa "doulè ak soufrans" alavni. Pou plis enfòmasyon, tanpri, kontakte OVS nan 800-247-8035 oswa ale sou sit entènèt OVS la nan <https://ovs.ny.gov/legal-information>.

Ki moun ki kapab jwenn dedomajman?

Nenpòt moun ki te viktim yon krim epi ki te soufri akòz blesi, ki fè pèt nan domèn ekonomik, oswa ki sibi domaj kapab mande dedomajman.

Ki moun pou mwen mande dedomajman?

Ou dwe kontakte biwo Pwokirè Distri a, epi fè yo konnen jis nan ki pwen blesi w yo grav, kantite lajan ki sot nan pòch ou ki pèdi, ansanm ak montan ou mande pou domaj yo.

Li
Fason pou fè Demann
Konpansasyon anvan
w ranpli fòm sa a.

Demann pou Konpansasyon Biwo Sèvis Viktim yo nan Eta New York



Pou Itilizasyon Pwogram Èd pou Viktim yo Sèlman

#ID OVS VAP	Non/Telefòn Pwogram nan	Non/Imèl Defansè a
-------------	-------------------------	--------------------

1. Di nou sa ou konnen sou viktim lan.

Siyati :	Prenon:	Inisyèl Dezyèm Prenon :	Nimewo Sekirite Sosyal : <input type="checkbox"/> Tcheke la a si w pa gen youn	Dat Nesans :	
Adrès Postal:					
<i>Ri</i>	<i># Apatman (oswa bwat postal)</i>	<i>Vil:</i>	<i>Konte:</i>	<i>Eta (oswa Peyi Etranje)</i>	<i>Kòd Postal</i>
Ras/Orijin Etnik: <input type="checkbox"/> Blan <input type="checkbox"/> Nwa <input type="checkbox"/> Ispanik <input type="checkbox"/> Endyen Ameriken/Moun Alaska Natifnatal <input type="checkbox"/> Endyen Azyatik <input type="checkbox"/> Chinwa <input type="checkbox"/> Japonè <input type="checkbox"/> Filipyen <input type="checkbox"/> Koreyen					
<input type="checkbox"/> Vyetnamiyen <input type="checkbox"/> Benngladè <input type="checkbox"/> Pakistanè <input type="checkbox"/> Gwamanyan <input type="checkbox"/> Chamorro <input type="checkbox"/> Samowen <input type="checkbox"/> Moun Awayen Natif Natal <input type="checkbox"/> Lòt <input type="checkbox"/> Plizyè Ras					
Eta Sivil: <input type="checkbox"/> Selibatè <input type="checkbox"/> Marye <input type="checkbox"/> Divòse <input type="checkbox"/> Separe <input type="checkbox"/> Vèv/Vèf <input type="checkbox"/> Viv nan Plasaj					
Sèks: <input type="checkbox"/> Gason <input type="checkbox"/> Fi <input type="checkbox"/> X <input type="checkbox"/> Prefere Pa Reponn			Èske viktim nan te andikape nan moman krim nan? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Pa Sèten		
Ki fason ou te tande pale konsènan Biwo Sèvis pou Viktim yo pou premye fwa?					
<input type="checkbox"/> Lapolis <input type="checkbox"/> Lopital <input type="checkbox"/> Pwokirè Distri <input type="checkbox"/> Pwogram Èd pou Viktim <input type="checkbox"/> Radyo/Televizyon <input type="checkbox"/> Bwochi/Afich <input type="checkbox"/> Entènèt <input type="checkbox"/> Lòt					

2. Si se pa ou menm ki viktim nan, epi ou siyen reklamasyon sa a, se ou ki fè reklamasyon an. Di nou kèk bagay sou ou.
(Gade "Kiyès ki kapab siyen reklamasyon an?" nan paj enstriksyon yo.)

Siyati	Prenon	Inisyèl Dezyèm Prenon	Nimewo Sekirite Sosyal <input type="checkbox"/> Tcheke la a si w pa gen youn	Dat Nesans	
Adrès Postal:					
<i>Ri</i>	<i># Apatman (oswa bwat postal)</i>	<i>Vil</i>	<i>Peyi</i>	<i>Eta (Oswa Peyi Etranje)</i>	<i>Kòd Postal</i>
Ki relasyon ou gen ak viktim nan? (Chwazi youn (1) sèlman) <input type="checkbox"/> Paran <input type="checkbox"/> Mari/Madanm <input type="checkbox"/> Pitit <input type="checkbox"/> Responsab Legal <input type="checkbox"/> Avoka <input type="checkbox"/> Lòt (Eksplike) _____					

3. Di nou kèk bagay sou krim nan. (Chwazi youn (1) **sèlman.)**

Viktim nan te mouri akòz:	Viktim nan te blese akòz:	Viktim nan pèdi byen pèsònèl esansyèl li akòz:
<input type="checkbox"/> Machin ki Gen Motè (DUI/DWI) <input type="checkbox"/> Machin ki Gen Motè (Lòt) <input type="checkbox"/> Teworis <input type="checkbox"/> Ensandi Kriminèl <input type="checkbox"/> Trafik Moun <input type="checkbox"/> Lòt Omisid	<input type="checkbox"/> Agresyon Seksyèl <input type="checkbox"/> Vyolans Fizik sou Timoun/Neglijans <input type="checkbox"/> Abi Seksyèl sou Timoun <input type="checkbox"/> Machin ki Gen Motè (DUI/DWI) <input type="checkbox"/> Machin ki Gen Motè (ki pa DUI/DWI) <input type="checkbox"/> Pònografi Timoun <input type="checkbox"/> Lòt (Eksplike): _____	<input type="checkbox"/> Agresyon <input type="checkbox"/> Asèlman <input type="checkbox"/> Kidnapin <input type="checkbox"/> Teworis <input type="checkbox"/> Ensandi Kriminèl <input type="checkbox"/> Vòl <input type="checkbox"/> Trafik Moun <input type="checkbox"/> Kase Kay <input type="checkbox"/> Machin ki Gen Motè (DUI/DWI) <input type="checkbox"/> Machin ki Gen Motè (ki pa DUI/DWI) <input type="checkbox"/> Trafik Moun <input type="checkbox"/> Vòl (san blese) <input type="checkbox"/> Lòt (Eksplike): _____
Nimewo Rapò Krim nan:		Lapolis oswa ajans jistis kriminèl te rapòte:
Ki kote krim nan te fèt? (Chwazi youn (1) sèlman .) <input type="checkbox"/> Travay <input type="checkbox"/> Rezidans Pèsònèl <input type="checkbox"/> Apatman Bilding <input type="checkbox"/> Ri Piblik <input type="checkbox"/> Metwo/Bis <input type="checkbox"/> Pakin <input type="checkbox"/> Ba/Restoran <input type="checkbox"/> Lekòl/Teren Lekòl <input type="checkbox"/> Sant Komèsyal <input type="checkbox"/> Lòt (Eksplike): _____		
Konte kote krim nan te fèt la: _____ Dat krim nan fèt: _____ Dat yo rapòte krim nan: _____ Si gen plis pase 7 jou ant dat krim nan te fèt la ak dat yo te rapòte krim nan, eksplike poukisa: _____		
Si gen plis pase 1 ane ant dat krim nan fèt la ak dat ou ranpli reklamasyon sa a, eksplike poukisa: _____		
Dekri krim lan nan pwòp mo pa w: _____		

4. Dedomajman:

Èske Pwokirè Distri a (District Attorney, DA) te mande tribinal la pou òdone dedomajman?	<input type="checkbox"/> Wi	<input type="checkbox"/> Non	<input type="checkbox"/> Pa Konnen
Èske tribinal la te bay moun ki sispèk la lòd pou peye dedomajman?	<input type="checkbox"/> Wi (<i>Montan \$ _____</i>)	<input type="checkbox"/> Non	<input type="checkbox"/> Li Poko

5. Di nou kèk bagay sou depans ou fè ki lye ak krim sa a. (Tcheke tout sa ki aplikab yo.)

NOTE SA – Si ou kalifye pou jwenn konpansasyon, OVS kapab an mezi pou ranbouse depans ki site anba a. Epitou, ou dwe mande atik sa yo nan kad dedomajman tribinal la òdone a. Nou ankouraje aplikan yo pou yo pataje enfòmasyon sa a avèk pwokirè yo si se yon dosye kriminèl. Ale sou <https://ovs.ny.gov/legal-information> pou plis enfòmasyon.

<input type="checkbox"/> Medikal/Anbilans <input type="checkbox"/> Netwayaj Kote Krim nan Fèt la <input type="checkbox"/> Aparèy/Sistèm Sekirite <input type="checkbox"/> Konsèy	<input type="checkbox"/> Pèdi Sipò (Reklamasyon pou Lanmò Sèlman) <input type="checkbox"/> Pwofesyonèl/Reyabilitasyon <input type="checkbox"/> Antèman/Antere	<input type="checkbox"/> Salè ki Pèdi <input type="checkbox"/> Abri DV <input type="checkbox"/> Demenajman/Estokaj <input type="checkbox"/> Byen Pèsonèl Esansyèl	<input type="checkbox"/> Transpò Pèsonèl <input type="checkbox"/> Medikal/Konsèy <input type="checkbox"/> Tribinal
<input type="checkbox"/> Lòt (<i>Eksplike</i>):			

6. Site nenpòt byen pèsonèl esansyèl, tankou lajan kach, linèt, oswa rad ou bezwen ranplase akoz krim sa a. (Si pa genyen, ale nan 7 la.)

Dekri kisa ou pèdi oswa ki andomaje:	Pri	Dekri kisa ou pèdi oswa ki andomaje:	Pri
1.	\$	3.	\$
2.	\$	4.	\$

7. Tcheke kare pou lòt avantaj oswa asirans ou genyen ki kapab ede w peye depans ki lye ak krim sa a:

<input type="checkbox"/> Asirans Sante Prive (grasa patwon oswa ou peye poukont ou)	<input type="checkbox"/> Child Health Plus	<input type="checkbox"/> SSDI/Andikap	<input type="checkbox"/> Asirans Kay/Lokatè
<input type="checkbox"/> Asirans Sante Segondè	<input type="checkbox"/> Medicare	<input type="checkbox"/> Konpansasyon Travayè	<input type="checkbox"/> Asirans Machin
<input type="checkbox"/> Mache Asirans Sante NYS	<input type="checkbox"/> Medicaid	<input type="checkbox"/> Avantaj Veteran	<input type="checkbox"/> Okenn
<input type="checkbox"/> NYS Essential Plan	<input type="checkbox"/> Lòt:		

8. Èske se yon avoka prive (ki pa Pwokirè Distri a) ki ap reprezante ou? Wi Non

Si se wi:

_____ ()
 Non Adrès # Telefòn Avoka a

9. Otorizasyon pou pale avèk yon reprezantan

Si ou vle bay yon manm fanmi, zanmi oswa yon lòt moun otorizasyon pou pale ak OVS konsènan reklamasyon ou a, antre la a:

_____ ()
 Non Adrès # Telefòn Moun nan

10. Otorizasyon Viktim/Moun ki fè Reklamasyon an

MWEN REKONÈT si mwen aksepte yon rekonpans ki sòti nan Biwo Sèvis Viktim yo (OVS), sa ap kreye yon privilèj nan avantaj Eta New York sou nenpòt rekouvreman ki gen rapò ak krim ki lye ak reklamasyon sa a, san wete nenpòt jijman, règleman, oswa pèman yon lòd pou dedomajman. Mwen bay nenpòt direktè ponp finèb, avoka, patwon, polis, oswa lòt otorite piblik, konpayi asirans, oswa nenpòt moun ki bay moun ki site anwo a sèvis, oswa ki gen menm konesans, otorizasyon pou bay OVS oswa reprezantan li yo enfòmasyon ki vin apre yo: Dosye Konpansasyon Travayè, enfòmasyon ki gen rapò ak krim nan, oswa nenpòt blesi oswa lanmò ki rive akoz krim nan, ak enfòmasyon ki gen rapò ak reklamasyon sa a. Si gen yon rekonpans, mwen bay OVS otorizasyon pou peye founisè sèvis yo dirèkteman. Epitou, mwen bay OVS otorizasyon pou pataje enfòmasyon ak dosye mwen yo konpile pou reklamasyon sa a, avèk Pwogram Èd pou Viktim yo (VAP) ki site nan demann sa a oswa nenpòt ajans gouvènmantral lokal ki nan Eta New York pou ede moun ki viktim krim yo, yon fason pou pèmèt VAP oswa ajans gouvènmantral lokal la ede OVS nan pwosesis reklamasyon mwen an, pou pran desizyon, epi kowòdone sèvis yo. Si mwen site yon avoka prive nan demann sa a, mwen bay OVS otorizasyon tou pou pataje enfòmasyon ak dosye mwen yo konpile pou reklamasyon sa a avèk avoka a pou li aji antanke reprezantan mwen. Mwen konprann li ap nesèsè pou avoka mwen an voye yon Avi pou Prezante ki apa anplis de otorizasyon sa a. Si mwen site yon manm fanmi, zanmi, oswa yon lòt moun nan demann sa a, mwen bay OVS otorizasyon pou pataje enfòmasyon ak dosye mwen yo konpile pou reklamasyon sa a avèk moun sa a pou li kapab ede m nan reklamasyon sa a. Mwen konfime enfòmasyon mwen bay nan demann sa a epi nenpòt dokiman mwen bay pou soutni demann sa a se laverite epi yo konplè. Mwen konprann si mwen fè yon fo deklarasyon nan demann sa a, oswa si mwen soumèt nenpòt dokiman pou soutni demann sa a ki fo, sa kapab lakòz mwen jwenn pinisyon kòm yon zak kriminèl. Mwen rekonèt lefètke mwen ranpli demann sa a, sa pa bay garanti mwen ap jwenn yon rekonplans.

Yon fotokopi nan otorizasyon sa a gen menm valè ak orijinal la.

Imèl: _____	Lang ou prefere pale: <input type="checkbox"/> Anglè <input type="checkbox"/> Espanyòl <input type="checkbox"/> Chinwa <input type="checkbox"/> Arab <input type="checkbox"/> Kreyòl Ayisyen <input type="checkbox"/> Italyen <input type="checkbox"/> Koreyen <input type="checkbox"/> Ris <input type="checkbox"/> Yiddish <input type="checkbox"/> Bengali <input type="checkbox"/> Fransè <input type="checkbox"/> Oudou
Ou Bezwen Entèprèt: <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	<input type="checkbox"/> Lòt

Pou nou trete reklamasyon ou an, voye dokiman OVS ki vin apre yo. Kenbe yon kopi pou dosye w.

- Tout fakti ak resi pou depans ki lye ak byen ansanm ak sèvis ou dekri nan seksyon 5 ak 6 ki nan fòm reklamasyon sa a.
- Fòm reklamasyon ou an ki konplè epi ki siyen.
- Yon fòm HIPAA ki ranpli pou chak founisè swen medikal ak sante mantal ou te konsilte pou sèvis ki lye ak krim sa a.
- Lèt nenpòt konpayi asirans oswa ajans gouvènmantal voye pou refize oswa otorize pèman ki lye ak byen ansanm ak sèvis ou dekri nan seksyon 5 ak 6 ki nan fòm reklamasyon sa a.

Sonje sa: Ou dwe voye fakti bay konpayi asirans ou an oswa plan avantaj yo **anvan** OVS kapab peye.

Voye dokiman ou yo pa lapòs bay: New York State Office of Victim Services
 AE Smith Bldg
 80 S. Swan Street
 Albany, NY 12210-8002

Voye dokiman ou yo pa Imèl nan: ovsintake@ovs.ny.gov



**OTORIZASYON POU PIBLIYE ENFÒMASYON SANTE SOU BAZ HIPAA
[Fòm sa a jwenn apwobasyon nan men Depatman Sante Eta New York la]**

Non Pasyan an	Dat Nesans	Nimewo Sekirite Sosyal XXX-XX-__
Adrès Pasyan an		

Mwen, oswa moun mwen otorize pou reprezante m nan, mande pou pibliye enfòmasyon sou sante ki gen rapò ak swen epi tretman mwen yo, jan sa ekri nan fòm sa a:

Selon Lwa Eta New York ak Lwa 1996 sou Règ Konfidansyalite Transferabilite ak Responsablite Asirans Sante a (Health Insurance Portability and Accountability) (HIPAA), mwen konprann:

- Nan otorizasyon sa a, kapab gen pibliye enfòmasyon ki gen rapò ak **ABI ALKÒL** ak **DWÒG, TRETMAN SANTE MANTAL**, eksepte nòt sikoterapi, ak **ENFÒMASYON KONFIDANSYÈL KI GEN RAPÒ ak VIH***, sèlman si mwen mete inisyal mwen nan liy apwopriye ki nan Atik 9(a). Nan ka kote gen enfòmasyon sou sante ki dekri anba a gen ladan nenpòt nan kalite enfòmasyon sa yo, epi mwen mete inisyal mwen nan bwat ki nan Atik 9(a), mwen sitou bay otorizasyon pou yo pibliye enfòmasyon sa yo ak moun mwen endike nan Atik 8 la
- Si mwen bay otorizasyon pou pibliye enfòmasyon ki gen rapò ak VIH, tretman pou dwòg oswa alkòl, oswa enfòmasyon sou tretman sante mantal, moun ki ap resevwa enfòmasyon sa yo pa kapab pataje enfòmasyon sa yo san otorizasyon mwen, sof si lwa federal oswa lwa Eta a pèmèt li fè sa. Mwen konprann mwen gen dwa pou mande yon lis moun ki kapab resevwa oswa itilize enfòmasyon mwen yo ki gen rapò ak VIH, san otorizasyon. Si mwen sibi diskriminasyon paske mwen pataje oswa pibliye enfòmasyon ki gen rapò ak VIH, mwen kapab kontakte Divizyon Dwa Moun Eta New York la nan (212) 480-2493 oswa Komisyon pou Dwa Moun Vil New York la nan (212) 306-7450. Ajans sa yo gen responsablite pou pwoteje dwa mwen yo.
- Mwen gen dwa pou mwen anile otorizasyon sa a nenpòt kilè lè mwen ekri founisè swen sante ki site anba a. Mwen konprann mwen kapab anile otorizasyon sa a eksepte nan sitiyasyon kote gen aksyon ki deja fèt sou baz otorizasyon sa a.
- Mwen konprann se mwen ki pou chwazi siyen otorizasyon sa a. Trètman, pèman, enskripsyon nan yon plan sante, oswa kalifikasyon mwen pou avantaj yo p ap gen rapò ak otorizasyon pou pataje sa a.
- Benefisyè a kapab re-pataje enfòmasyon ki pibliye nan kad otorizasyon sa a (eksepte jan sa endike nan Atik 2 ki anwo a), epi lwa federal oswa lwa Eta a kapab pa pwoteje divilgasyon ki refèt la.
- OTORIZASYON SA A PA BA OU OTORIZASYON POU PALE SOU ENFÒMASYON SOU SANTE OSWA SWEN MEDIKAL MWEN AVÈK YON LÒT MOUN KI PA AVOKA MWEN OSWA AJANS GOVÈNMANTALKI ENDIKE NAN ATIK 9 (b).**

7. Non ak adrès founisè sante oswa antite ki pataje enfòmasyon sa a:

8. Non ak adrès moun oswa kategori moun yo pral voye enfòmasyon sa a bay la:

NYS OFFICE OF VICTIM SERVICES – AE SMITH BLDG., 80 S. SWAN ST., ALBANY, NY 12210-8002

9(a). Enfòmasyon byen presi yo ap pataje a:

- Dosye medikal apati dat (ajoute dat la) _____ pou rive (ajoute dat la) _____
- Dosye Medikal Konplè, san wete antesedan pasyan an, nòt klinik la (eksepte nòt sikoterapi), rezilta tè, etid radyoloji, fim, rekòmandasyon, konsiltasyon, dosye fakti, dosye asirans, ak dosye yon lòt pwofesyonèl swen sante te voye pou ou.
- Lòt: _____ Ladan gen: (Mete Inisyal pou Endike)

_____ **Tretman Alkòl/Dwòg**
 _____ **Enfòmasyon sou Sante Mantal**
 _____ **Enfòmasyon ki gen Rapò ak VIH**

Otorizasyon pou Pale sou Enfòmasyon Sante

(b) Lè m mete inisyal mwen la a _____ Mwen bay _____
 Inisyal Non founisè swen sante endividyèl la otorizasyon
 pou pale sou enfòmasyon sou sante m avèk avoka mwen, oswa yon ajans gouvènmantal, ki site la:

BIWO SÈVIS POU VIKTIM ETA NEW YORK

(Non Avoka/Kabinè a oswa Non Ajans Gouvènmantal la)

10. Rezon pou pibliye enfòmasyon yo:

Si moun nan mande sa nan objektif pou etabli kalifikasyon pou jwenn avantaj nan Biwo Sèvis pou Viktim Eta New York la.

11. Dat oswa evènman kote otorizasyon sa a ap ekspire:

Otorizasyon sa a ap ekspire nan fen kalifikasyon moun nan pou jwenn avantaj nan Biwo Sèvis pou Viktim yo.

12. Si se pa pasyan an, mete non moun ki siyen fòm nan:

13. Otorite ki siyen nan non pasyan an:

Mwen ranpli tout atik nan fòm sa a epi yo te reponn tout kesyon mwen te poze sou fòm sa a. Epitou, yo te ban mwen yon kopi fòm nan.
 Dat: _____

Siyati pasyan oswa reprezantan lalwa otorize a:

* **Viris iminodefisyans Imen ki lakòz SIDA.** Lwa sou Sante Piblik nan Eta New York la pwoteje enfòmasyon ki kapab pèmèt yo idantifye yon moun ki gen sentòm oswa enfeksyon VIH yon fason ki rezonab, ak enfòmasyon konsènan kontak yon moun.